ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ КЕҢЕСИНИҢ ЖИГИРМА ЕКИНШИ СЕССИЯСЫ

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң
Қ А Р А Р Ы

«Фирма атамалары ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамын ҳәрекетке енгизиў туўралы

Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 70-статьясы 2-бәнтине муўапық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси

Қ А Р А Р Е Т Е Д И :

1. «Фирма атамалары ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының Нызамы қабыл етилсин.

2. «Фирма атамалары ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының Нызамы рәсмий жәрияланған күннен баслап ҳәрекетке енгизилсин.

3. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси бир ай мүддет ишинде ҳүкимет қарарларын «Фирма атамалары ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамына муўапықластырсын, министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм уйымлардың усы Нызамға қайшы келетуғын нормативлик актлериниң қайта қарап шығылыўын ҳәм бийкар етилиўин тәмийинлесин.

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы **М.Камалов**

Нөкис қаласы, 6-октябрь 2021-жыл
№ 165/XXII